

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Pupujian mangrupa salasahiji sastra Sunda buhun anu wangunna puisi. Pupujian anu aya di masarakat sumebarna tatalépa sacara lisan. Eusina ngeunaan muji kana kaagungan Alloh, ngadu'a jeung tobat ka Alloh, solawat jeung neda sapaat ka Kanjeng Nabi, pépéling, sarta pangajaran kaagamaan. Pupujian biasana dihaleuangkeun ku santri-santri, barudak, jeung masarakat anu tempatna di masigit jeung di tempat pangajian. Ku cara kitu, dipiharep bisa silih élingan jeung silih ingetan dina jalan kahadéan.

Ieu panalungtikan kaasup panalungtikan kualitatif anu maké métode déskriptif analitik sarta miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun pupujian nu aya di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. Dina ngumpulkeun data, panalungtik maké téhnik talaah pustaka, obersvasi, wawancara, dokuméntasi, sarta transliterasi naskah. Saterusna ngolah data ku cara nganalisis struktur lahir, struktur batin, jeung ajén moral anu aya dina pupujian di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya. Struktur lahir ngawengku tipografi, diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa jeung purwakanti. Struktur batin ngawengku téma, nada, rasa, jeung amanat. Ajén moral ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dorona sorangan, moral manusa ka papada jalma, moral amnusa ka alam, moral manusa kana waktu, sarta moral manusa pikeun ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Pupujian anu geus dianalisis, dipilih salasahijina pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun siswa kelas VII SMP.

Dumasar kana hasil wawancara anu sumberna ti lima narasumber, kapanggih 43 judul pupujian. Ampir kabéh naskahna maké aksara arab pégon. Tina 43 naskah pupujian, kapanggih aya 39 judul pupujian anu maké arab pégon, sajudul pupujian maké aksara Arab, jeung tilu judul pupujian anu maké aksara latén. Basa nu dipaké dina pupujian anu kapanggih nyaéta basa Sunda jeung basa Arab.

Pupujian anu geus kapanggih, diklasifikasikeun deui dumasar kana eusina. Aya tujuh judul pupujian anu eusina muji, ngadu'a, jeung tobat ka Pangéran, dua judul

pupujian anu eusina solawat jeung neda sapaat Kanjeng Nabi, 20 judul pupujian anu eusina méré naséhat ka umat manusa sangkan ngajalankeun ibadah jeung amal sarta nyinkahan anu ngarana ma'siat, sarta 14 judul pupujian anu eusina pangajaran kaagamaan.

Pupujian anu geus diklasifikasi, dipilih jadi dalapan judul pupujian, anu saterusna dianalisis struktur lahir, struktur batin, sarta ajén moral. Analisis struktur lahir anu kahiji nyaéta tipografi. Pupujian anu jumlah pada panglobana nyaéta 145 pada dina sajudul, jumlah pada pang saeutikna nyaéta tilu pada dina sajudul. Unggal pada diwangun ku padalisan anu henteu sarua tiap judulna. Aya anu diwangun ku dua padalisan jeung opat padalisan. Unggal padalisan diwangun ku engang, anu kapanggih dina tiap padalisanna nyaéta 7, 8, 9, 10, 11, jeung 12 engang.

Kadua, diksi nu kapanggih dina pupujian di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya nyaéta diksi anu ngandung ma'nana sebab akibat, ma'na anu némbongkeun kaayaan awal jeung kaayaan ahir, ma'na anu ngajéntrékeun pedaran saacanna, sarta diksi anu miboga tujuan éstétis atawa ngawirahma dina kecapna. Diksi anu dipaké ogé maké basa sapopoé anu tangtuna babari dipikaharti nu nu ngabandunganana.

Katilu nyaéta imaji jeung kecap kongkrit. Dina ieu analisis, kapanggih aya imaji *visual*, imaji *auditif* jeung imaji pangrasa anu dituduhkeun ku kecap kongkrit saperti imah, ngupingkeun, kaduhung, bingung, jrrd. Kaopat nyaéta gaya basa, dina ieu analisis kapanggih aya gaya basa *simile* atawa ngumpamakeun anu dituduhkeun ku kecap *layangan* jeung *béntang di langit*. Kalima nyaéta purwakanti, dina ieu analisis kapanggih purwakanti margaluyu jeung mindoan wekas

Saterusna, analisis struktur batin anu ngawengku téma, nada, rasa jeung amanat. Téma anu kapaluruh dina pupujian nu aya di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya nyaéta ngeunaan muji kana kaagungan Alloh, ngadu'a jeung tobat ka Alloh, solawat jeung neda sapaat ka Kanjeng Nabi, pépéling, sarta pangajaran kaagamaan. Rasa anu aya dina unggal pupujian nyaéta rasa sukur, sieun, bendu, nyindir, sedih, cinta ka Kanjeng Nabi, kaduhung jeung bingung. Nada anu kacipta nyaéta nada ngarumasakeun salaku manusa nu teu daya jeung teu upaya kana sakabéh hal, ngagungkeun Kanjeng Nabi, méré kayakinan kana ayana ahérat,

sarta ngélingan dina kahadéan. Amanat anu nyangkaruk nyaéta meupeujeuhan sangkan ulah salah léngkah sarta sakabéh perkara anu dipilampah téh kudu dumasar kana pedoman umat Islam nyaéta Qur'an jeung hadis.

Dina pupujian tangtuna nyangkaruk ajén-inajén. Dina ieu panalungtikan pupujian nu geus kapanggih dianalisis ajén moralna. Sakabéh pupujian miboga ajén moral, utamana moral manusa ka Pangéran, ajén moral ka dirina sorangan jeung moral manusa pikeun ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Luyu jeung eusina anu teu lepas tina muji kana kaagungan Alloh sarta miboga tujuan pikeun ngeusi haté ku cara éling ka Alloh ogé miharep nyangking kabagaan jaga di alam kalangenan.

Pupujian anu geus dianalisis, dipilih deui salasahijina pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun siswa kelas VII SMP. Pupujian anu dipilih nyaéta pupujian “Perihal Kapercayaan”. Ieu hal saluyu jeung Capaian Pembelajaran (CP) dina Kurikulum Merdeka.

5.2. Implikasi

Dina nyusun panalungtikan tangtu aya kaonjoyan jeung kahéngkéranana. Kaonjoyan dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahirupkeun deui pupujian di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya anu kiwari geus teu pati kabandungan di unggal masigit atawa di tempat pangajian. Sok sanajan aya kahéngkéranana, panalungtik miharep ku ayana ieu panalungtikan téh bisa mawa mangpaat hususna ka pihak-pihak anu kalibet tur ngarojong kana ieu panalungtikan. Gedé harepan panalungtik, sangkan pupujian anu jadi salasahiji kabeungharan sastra Sunda, bisa salawasna dipiara tur dimumulé sarta dipikareueus ku masarakat Sunda.

5.3. Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun dina ieu panalungtikan sangkan bisa nambahán pangaweruh pikeun guru, siswa, masarakat sarta panalungtik satuluyna.

Pikeun guru, dipiharep bisa leuwih kréatip jeung variatip dina milih bahan pangajaran anu dilarapkeun di kelas. Ieu hal jadi salasahiji cara sangkan kaayaan di kelas tuluy hirup tur siswana bisa museur paniténnna kana matéri anu keur

diajarkeun. Utamana dina pangajaran pupujian, guru kudu bisa ngirut siswana sangkan kacipta rasa resep diajar pupujian. Saperti maké bantuan waditra dina ngahaleuangkeun pupujian.

Pikeun siswa, hususna kelas VII SMP sakuduna maham kana pangajaran pupujian sangkan bisa nyangking ajén-inajén anu nyangkaruk dina pupujian. Salian ti éta ogé, siswa kudu ngarasa reueus saupama diajar ngeunaan basa Sunda, lantaran basa Sunda téh warisan ti karuhun anu kudu dijaga tur dimumulé.

Pikeun masarakat, dipiharep bisa ngabiasakeun deui dina ngahaleuangkeun pupujian anu kiwari geus langka kabandungan boh di ungal masigit boh di tempat pangajian. Utamana pikeun masarakat nu aya di Désa Gombong, Kecamatan Ciawi, Kabupatén Tasikmalaya anu katitén can loba nu nyaho yén aya pupujian anu asli karangan ti wewengkonna. Sangkan masarakat mikanyaho kana hal éta, bisa dilakonan ku cara gempungan atawa pangajian anu saacan atawa sanggeus pangajianna ngahaleuangkeun heula pupujian.